दिन–शुक्रवार दिनांक–18.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना सँ महिला संवाद कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। ग्रामीण विकास विभागक एहि कार्यक्रमक उद्‌देश्य महिला लोकनि के आर्थिक आ सामाजिक सशक्तिकरण करब अछि। महिला संवादक दरमियान महिला लोकनि के सरकारी योजना सभक जनतब देल जायत। संगहि हुनका योजना सभ सँ जोड़ल जायत। एहि अभियानक अंतर्गत दू करोड़ महिला लोकनि सँ सीधा संवाद करबाक लक्ष्य अछि। कार्यक्रमक दरमियान महिला लोकनि सँ राज्य सरकारक योजना सभक प्रति हुनक अपेक्षा के जनतब सेहो लेल जायत। हमर संवाददाता जनौलनि जे पटना स्थित एक अणे–मार्ग सँ मुख्यमंत्री पचास वाहन के हरियर झंडी देखा कऽ विभिन्न प्रखंड के लेल विदा कयलनि। पहिल दिन राज्यक छओ सय स्थान पर महिला संवाद कार्यक्रम होयत ओतहि काल्हि सँ प्रतिदिन लगभग बारह सय स्थान पर एकर आयोजन कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री ग्राम परिवहन योजनाक अंतर्गत एखन धरि राज्यक पैतालीस हजार चारि सय सडसठि लोक सभ चारि सँ दस सीटर धरिक सवारी वाहन कीनलनि अछि। एहि पर राज्य सरकार द्वारा अनुदान दऽकऽ हिनका लोकनि के रोजगार सँ जोड़ल गेल अछि। संगहि एहि योजना के मध्यम सँ आवागमन सुगम बना कऽ गाम सभ के प्रखंड आ जिला मुख्यालय सँ जोड़ल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे शहीद वीर कुंवर सिंह आजादी पार्क मे तेईस अप्रील के आयोजित होबऽवला वीर कुंवर सिंह विजयोत्सव कार्यक्रमक तैयारी के जनतब लेलनि। एहि दरमियान मुख्यमंत्री अधिकारी लोकनि के आवश्यक निर्देश सेहो देलनि। मुख्यमंत्री जे.पी. गंगा पथ के लऽग आयोजित होबऽवला एयर–शो कार्यक्रमक तैयारी के सेहो जनतब लेलनि। ज्ञातव्य अछि जे पटना मे पहिल बेर शौर्य दिवस पर सूर्य

किरण एरोबैटिक टीम आ हॉक– एक सय बत्तीस जेट विमान द्वारा एयर शो के आयोजन कयल जायत।

————————————————————————

श्रीमद् भगवदगीता आ भरत मुनि के नाट्यशास्त्र के यूनेस्को के मेमोरी ऑफ द वर्ल्ड रजिस्टर मे सम्मिलित कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एकर सराहना करैत कहलनि जे एहि सँ भारतक कालातीत ज्ञान आ समृद्ध संस्कृति के वैश्विक मान्यता भेटल अछि। ओ कहलनि जे गीता आ नाट्यशास्त्र दुनू कतेको सदी सँ सभ्यता आ चेतना के पोषित कयलक अछि आ एहि सँ प्राप्त अंतर्दृष्टि विश्व के प्रेरित करैत अछि।

————————————————————————

आइ गुड फ्राइडे अछि। प्रभु ईसा मसीह के सलीब पर चढ़ाओल जयबाक स्मरण मे ई दिवस मनाओल जायत अछि। आजुक दिन प्रभु ईसु मानवता के पाप सँ मुक्ति दियेबाक लेल अपन जीवनक बलिदान कयने छलाह। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गुड फ्राइडे पर प्रभु यीशु मसीह के बलिदान के स्मरण कयलनि अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि अछि जे हरेक व्यक्ति के ईसा मसीह द्वारा देल गेल जीवन मूल्य सँ प्ररेणा लैत मानव समाजक कल्याण पर अग्रसर भऽ सकैत अछि मार्गक अनुसरण करबाक चाही। एम्हर एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेशक गिरिजाघर मे विशेष प्रार्थनासभा के आयोजन कयल जा रहल अछि।

————————————————————————

पश्चिमी विक्षोम के प्रभाव सँ राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसीतर भाग मे रूकि–रूकि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा मे समस्तीपुर, सीतामढ़ी, कटिहार, सहरसा, किशनगंज, नालंदा आ जमुई सहित कतेको जिला मे ठनका के संग वर्षा हेबाक औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला पांच दिनक दरमियान राज्य मे बेसी ठाम उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

————————————————————————

केन्द्र सरकार स्पष्ट कयलक अछि जे उपग्रह आधारित टोल शुल्क प्रणाली पहिल मई सँ शुरू करबाक विषय मे कोनो निर्णय नहि लेल गेल अछि। सोशाल मीडिया पर प्रसारित एहि सँ जुड़ल जनतबक खंडन करैत सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय कहलक अछि जे नहि तऽ मंत्रालय नहि भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण एहि संबंध मे कोनो निर्णय लेलक अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक फारबिसगंज थाना क्षेत्रक राष्ट्रीय उच्च मार्ग संख्या सत्ताईस पर एक तेज गति बस आ ट्रक के टक्कर मे बीस यात्री घायल भऽ गेलाह। सभ घायल के इलाजक लेल फारबिसगंज अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

———————————————————————

आइ विश्व विरासत दिवस अछि। एकरा अंतर्राष्ट्रीय स्मारक आ धरोहर स्थल दिवस सेहो कहल जायत अछि। एहि वर्षक थीम अछि– **विरासत स्थलों पर आपदा और संघर्ष का संकट।** ई दिवस सांस्कृतिक आ प्राकृतिक धरोहर सभ के सम्मान आ संरक्षणक लेल प्रति वर्ष अठारह अप्रील के मनाओल जायत अछि। एहि अवसर पर बिहार विरासत विकास समिति के दिस सँ पटनाक गोलघर सँ विरासत पदयात्रा निकालल गेल।

———————————————————————

समाप्त